



Virginia SUN Bucks

Kritè elijibilite

Kiyès ki elijib otomatikman pou benefisye Virginia SUN Bucks epi ki pa bezwen aplike?

Fanmi ki te aplike pou epi ki te resevwa youn oubyen plis nan sa ki swiv yo:

- ✓ **SNAP**
- ✓ **TANF**
- ✓ **Medicaid baze sou revni**
- ✓ **Repa nan lekòl gratis oubyen a pri-redwi pandan ane lekòl 2025–2026 atravè Pwogram Manje Midi National School (National School Lunch Program (NSLP))**



Kòman pou m fè konnen si fanmi mwen bezwen aplike pou Virginia SUN Bucks?

Si ou pa t aplike pou repa nan lekòl oubyen a pri-redwi (NSLP), epi fanmi pa w la pa patisipe nan SNAP, TANF oswa Medicaid ki baze sou revni, ou pral bezwen aplike pou Virginia SUN Bucks.



Kòman pou m aplike?

Ale sou VirginiaSunBucks.com pou aplike anliy oswa enprime epi voye fòmilè aplikasyon an pa lapòs bay:
5600 Cox Road, Glen Allen, VA, 23060

Ou kapab aplike tou lè w kontakte SantApèl Virginia SUN Bucks la kòmanse nan
Jen 15 jiska Out 31, 2026
nan **866-513-1414 (gratis)**
Lendi jiska Vandredi soti **9 a.m. – 6 p.m.**

Kisa dat enpòtan yo ye?

| | |
|--------------------------------|--|
| Ouvri pandan tout ane a | Aplikasyon anliy ak pa lapòs yo aktif sou VirginiaSunBucks.com |
| Jen 15 – Out 31 | Sant Apèl Virginia SUN Bucks ap disponib pou aplikasyon nan telefòn |
| Out 31 | Dènye jou pou aplike anliy, pa lapòs oubyen lè ou rele sant apèl la |

Èske ou gen kesyon?

Ale sou VirginiaSunBucks.com pou plis enfòmasyon